



**PEMERINTAH KABUPATEN KEDIRI**  
**DINAS PENDIDIKAN**  
**UPTD SMP NEGERI 2 TAROKAN**  
**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL**  
**TAHUN PELAJARAN 2021 / 2022**

**PETUNJUK UMUM**

1. Periksa Naskah Soal yang Anda terima sebelum mengerjakan soal yang meliputi :
  - a. Kelengkapan jumlah halaman dan urutannya.
  - b. Kelengkapan nomor soal dan urutannya.
  - c. Kesesuaian Mata Pelajaran yang di ujikan dengan Mata Pelajaran yang tertera pada Naskah maupun Lembar Jawab.
  - d. Jumlah soal setiap mapel 45 soal, terdiri PG 15 soal, PGK 5 soal, BS 10 soal, menjodohkan 10 soal, Uraian 5 Soal kecuali IPA dan MATEMATIKA 35 soal, terdiri PG 5 soal, PGK 5 soal, BS 10 soal, menjodohkan 10 soal, Uraian 5 soal.
2. Laporkan Kepada pegawai ruang apabila terdapat naskah soal yang tidak lengkap, tidak urut, Lembar Jawaban yang rusak dan minta gantinya!
3. Gunakan pensil 2B untuk mengisi lembar jawaban dengan ketentuan sebagai berikut :
  - a. Tuliskan Nama Anda pada kolom yang disediakan.
  - b. Tuliskan Nomor Peserta Penilaian Akhir Semester Gasal pada kolom yang disediakan!
  - c. Tuliskan Kelas / No. Presensi, pada kolom yang disediakan!
  - d. Tulislah paket soal pada lembar jawaban sesuai paket soal!
4. Jika terjadi kesalahan dalam memberi tanda silang (x) atau centang (✓), hapus sebersih mungkin dengan karet penghapus kemudian diganti yang menurut anda benar.
5. Saat mengikuti ulangan dilarang membawa dan menggunakan HP, Kalkulator, Tabel, maupun alat bantu hitung lainnya.
6. Periksa kembali pekerjaan Anda sebelum diserahkan pengawas ujian!
7. Lembar Jawaban tidak boleh dicorat – coret.
8. Berdo'alah sebelum mengerjakan soal!
9. Kerjakan dengan jujur, karena kejujuran adalah cermin akhlaq mulia!
10. Gunakan waktu yang terjadwal dengan sebaik-baiknya agar diperoleh hasil yang maksimal!

SELAMAT MENGERJAKAN SEMOGA SUKSES



**PEMERINTAH KABUPATEN KEDIRI**  
**DINAS PENDIDIKAN**  
**UPTD SMP NEGERI**  
**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL**  
**TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

**Mata Pelajaran : Bahasa Jawa**  
**Kelas/Semester : VII / 1**

**Hari, Tanggal : Sabtu , 11 Desember 2021**  
**Waktu : 60 menit**

**I. Wangsulana pitakonan-pitakonan ing ngisor iki kanthi milih wangsulana kang paling bener nganggo tandho (x) !**

Teks wacan kanggo soal nomer 1-2  
Wacanen kang titis!

Nalika ndeleng kaendahan pletheke ing srengenge ing Gunung Bromo mujudake sawijine anugrah kang nyenengake banget. Campuran rupa kuning, orenye, ireng lan biru sing diasilake saka *fenomena* alam pletheke srengenge nyata dadi sesawangan kang endah banget tumrap sapa wae sing nyawang. Kaendahane Gunung Bromo pancen wis kondhang nganti tumeka ing manca negara.

1. Bakune gagasan artikel ing dhuwur yaiku: ....
  - A. Kaendahan pletheke srengenge ing Gunung Bromo.
  - B. Plesiran ing Gunung Bromo iku nyenengake banget.
  - C. Pletheke srengenge dadi sesawangan kang endah.
  - D. Kaendahane Gunung Bromo pancen wis kondhang.
2. Pethikan teks ing dhuwur nggambarake kahanan papan panggonan kang gamblang, mula teks kasebut kalebu jinise teks: ....
  - A. Teks naratif
  - B. Teks deskriptif
  - C. Teks persuatif
  - D. Teks eksposisi

Gatekna pethikan wacan iki!

Gunung Kelud yaiku sawijining obyek wisata gunung ing Jawa Timur kang nengsemake. Papan wisata iki narik kawigaten wisatawan domestik lan manca negara. Dhuwure Gunung Kelud yaiku 1781 meter saka lumahe segara. Gunung Kelud minangka salah sijine obyek wisata ing Kabupaten Kediri kang misuwur.

3. Manut titikan struktur teks tanggapan deskriptif pethikan wacan kasebut kalebu perangan: ....
  - A. Identifikasi
  - B. Deskripsi bagean
  - C. Deskripsi mupangat
  - D. Klasifikasi

Gatekna ukara iki!

4. Kaendahan Gunung Bromo pancen wis kondhang nganti tumeka ing manca negara. Tembung ing ukara kasebut sing migunakake aksara swara [a] jejeg yaiku...
- A. kondhang
  - B. nganti
  - C. kaendahan
  - D. tumeka

Teks kanggo soal nomer 5-6

Gatekna ukara ing ngisor iki!

Campuran rupa kuning, oranye, ireng lan biru sing diasilake saka fenomena alam pletheking srengenge nyata dadi sesawangan kang endah banget tumrap sapa wae sing nyawang.

5. Tembung ing ukara kasebut sing migunakake aksara swara [i] miring yaiku: ....
- A. ireng
  - B. biru
  - C. kuning
  - D. dadi
6. Tembung kahanan kang bisa ditemokake ing ukara ndhuwur yaiku: ....
- A. srengenge
  - B. nyawang
  - C. endah
  - D. sesawangan

Teks kanggo soal nomer 7-10

Gatekna pethikan wacan iki!

Ki Hajar Dewantara miyos ing Jogjakarta tanggal 2 Mei 1889, kagungan asma asli RM. Suwardi Suryaningrat. Panjenengane miyos ing lingkungan kulawarga bangsawan saka trah Ngayogyakarta. Ki Hajar Dewantara kepingin bisa srawung lan cedhak karo kawula cilik, mula gelar kebangsawanane ora diagem lan ganti asma dadi Ki Hajar Dewantara.

7. Tembung panggandheng sing bisa ditemokake jroning pethikan wacan kasebut yaiku: ....
- A. lan
  - B. cedhak
  - C. gelar
  - D. bangsawan
8. Tembung wilangan kang bisa ditemokake ana ing wacan dhuwur yaiku: ....
- A. miyos
  - B. saka
  - C. kulawarga
  - D. 1889
9. Tembung kriya kang bisa ditemokake ing wacan dhuwur yaiku: ....
- A. Panjenengane
  - B. miyos
  - C. karo
  - D. asma

10. Tembung ancer-ancer kang abisa ditemokake ing wacan dhuwur yaiku: ....

- A. ing
- B. karo
- C. lan
- D. mula

Gatekna ukara ing ngisor iki!

*Ya ampun, pandemi covid 19 isih durung sirna!*

11. Tembung kang kacithak miring kalebu tembung...

- A. tembung panguwuh
- B. tembung kriya
- C. tembung aran
- D. tembung kahanan

Gatekna ukara ing ngisor iki!

*Pariwisata ing kutha Kediri wiwit dibukak kanthi nerapake protokol kesehatan.*

12. Tembung kang kacetak miring ing ukara kasebut kalebu tembung: ....

- A. ancer-ancer
- B. kriya
- C. aran
- D. wilangan

13. Penganggone unggah-ungguh basa sing paling trep jroning ukara ing ngisor iki yaiku: ....

- A. Sinten kemawon ingkang kersa nyare dhateng dalem kula, benjing mesthi kula paringi buku-buku karya kula.
- B. Aku wingi lali temenan ora bisa tindak menyang daleme Pak Sugeng, jalaran mulihku saka Surabaya wis kebengen.
- C. Sakmenika kula pancen dereng kagungan arta, menawi panjenengan sampun kagungan mbok kula dipunampili!
- D. Sakjane aku mau wis matur dhewe karo bu Asri, nanging panjenengane ora kersa paring dhawuh ngenani masalah iku.

14. Aku *ditimbali* Ibu, *diutus* resik-resik kamar. Tembung kang kacithak miring basa ngoko lugune yaiku: ...

- A. diceluk, dikongkon
- B. diceluk, dikengken
- C. ditimbali, dikengken
- D. didhawuhi, dikongkon

15. Pak Nur Salim ora sida teka amarga gerah. Ukara kasebut manawa diowahi dadi basa ngoko alus, yaiku: ....

- A. Pak Nur Salim ora sida rawuh amarga gerah.
- B. Pak Nur Salim ora sida tindak amarga gerah.
- C. Pak nur Salim boten tamtu rawuh amargi gerah.
- D. Pak Nur Salim boten rawuh amargi gerah.

Teks wacan kanggo nomer 16-20


Wacanen kang titis!

### JENENGKU GATHUTKACA



Aku mung bisa nangis kekejer lan mancal-mancal. Bapakku Werkudara lan Ibu Dewi Arimbi kaya lagi kerubuhan gunung. Mengkono uga sing padha rawuh. Sri Bathara Kresna, Uwa Prabu Puntadewa, Paman Arjuna, Paman Nakula lan Sadewa uga melu sungkawa. Takdeleng panakawan, Uwa Semar, si Gareng, Petruk, lan Bagong sing biasane cengar-cengir uga melu sedhah.

Weruh Ibu Arimbi nangis, aku melu nangis maneh, tambah banter. Ari- ariku isih gandheng karo awakku. Bapakku Werkudara wis nyoba nganggo kuku Pancanaka, ora bisa. Kembang Wijaya Kusuma kagungane Uwa Kresna ora masah. Pasopati lan Arda Dedaline Uwa Arjuna uga ora mempan. Sanjata Cakra kagungane Uwa Kresna malah ngetokake geni mletik-mletik, ning pancet ari-ariku ora bisa pedhot.



Bebarengan karo Bathara Kresna kabeh padha muji donga, padha prihatin supaya enggal nemu pepadhang. Akhire rawuh Buyutku, Begawan Abiyasa.

Panjenengane banjur ngutus paman Arjuna nyuwun pitulungan pusaka marang dewa. Baline ngasta sarunge pusaka Kuntawijaya.

“Arjuna, golek pusaka kok mung oleh sarunge iki kepriye ta yayi?” pitakone Prabu Kresna.

“Nun inggih, Kaka Prabu. Senjata Kuntawijaya klentu dipunparingaken Adipati Karna ing Awangga. Kula namung saged ngrebat warangkanipun menika,”

## II. Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi milih wangsulan loro (2) kang bener kanthi tando (✓)!

16. Adhedhasar pethikan crita wayang kasebut kang kalebu paragane yaiku:....



- A. Janaka
- B. Dasamuka
- C. Gathutkaca
- D. Sengkuni

17. Kabeh paraga kang ana rumangsa sedhik amarga: ....
- A. Gathutkaca lair bungkus
  - B. Dewi Kunthi gerah
  - C. Ari-arine Gathutkaca ra kena dipedhot
  - D. Dewi Arimbi sakit
18. Kang padha teka nyoba pusakane dhewe-dhewe yaiku: ...
- A. Pasopati sanjatane Kresna
  - B. Arda Dadali sanjatane Janaka
  - C. Werkudara sanjatane Kuku Pancanaka
  - D. Kuntawijayadanu sanjatane nakula
19. Raden Gathutkaca putrane sapa?
- A. Parabu Pandhu
  - B. Wrekudara
  - C. Sadewa
  - D. Dewi Arimbi
20. Amanat kang bisa kapethik saka teks wayang kasebut yaiku: ...
- A. Yen ana bocah lair padha nangis
  - B. Bocah sekolah kudu seneng crita wayang.
  - C. Yen ana prekara ing kluwarga dirembug bareng
  - D. Yen ana prekara becike dirampungke ora ditangisi wae.

**III. Pilihlah aksara B yen pranyatan iku bener, lan S yen pranyatan iku salah!**

21	Tembung-tembung iki kalebu tembung lingga. Sinau, mangan, turu, lunga, omah	B	S
22	Tembung-tembung iki kalebu tembung andhahan. Diparingi, ngombe, obat, lara, weteng	B	S
23	Ukara iki migunakake tembung dwilingga salin swara Aku wis <i>bola-bali</i> maca cerkak kuwi!	B	S
24	Tembung-tembung iki kalebu tembung camboran. Sepedhah motor, gonta-ganti, sandhang pangan	B	S
25	Ukara iki migunakake tembung camboran wancah <i>Budhe</i> nembe sare.	B	S
26	Ukara iki migunakake tembung camboran wutuh Sabèn dina Mariana <i>re-resik</i> omah.	B	S
27	Ukara iki migunakake tembung saroja Layone prajurit wor suh lan kunarpane para pangeran lan raja <i>wadyabala</i> Kurawa lan Pandhawa	B	S
28	Palupi sekolah ana ing UPTD SMPN 2 Tarokan. Ukara kasebut manawa diundhal manut kalungguhane, Jejer yaiku Palupi	B	S
29	Bagean teks crita wayang sing isine dudutan/kesimpulan, nilai budi pekerti sing didudut saka isine crita, amanat utawa pesen diarani Koda.	B	S
30	Prakara kang dadi underaning/pokok lan ndadekake alur kuwi diarani komplikasi utawa masalah.	B	S

IV. Pranyatan-pranyatan ing ngisor iki golekanan cocoge karo tembung kang wis kasedhiakake!

31	Prakara wis nemokake dalane kanggo ngrampunggi	<p>A. Tembung Saroja</p> <p>B. Amanat</p> <p>C. Tembang Macapat</p> <p>D. Tembang Dolanan</p> <p>E. Resolusi</p> <p>F. Klimak</p> <p>G. Ragam basa Krama Lugu</p> <p>H. Ragam basa krama alus</p> <p>I. Tembung entar</p> <p>J. Dasanama</p> <p>K. Sandhangan Wyanjana</p> <p>L. Purwakanthi Guru basa/lumaksita</p> <p>M. Purwakanthi Guru Sastra</p> <p>N. Sandhangan swara</p> <p>O. Aksara Legena</p>
32	Pesen moral kang bisa kapethik saka crita wayang	
33	Suwe Ora Jamu, Gundhul-gundhul Pacul, lan Praon kalebu jinise tembang...	
34	Manawa ukara migunakake tembung krama inggil kabeh, kanggo ngormati wong sing durung dikenal, wong enom marang wong tuwa, lan wong sing luwih dhuwur drajat/pangkate	
35	Senajan dudu sanak kadange dhewe nanging kudu bisa urip <i>guyub rukun</i> .	
36	Ciut manah, dawa tangane, adol kringet	
37	Ludira, getih, rah	
38	 <p>wulu    suku    taling    taling tarung    pepèt</p>	
39		
40	Tindak-tanduk lan tutur kang kalantur tamtu katulata katali, bakal kacatur, katutuh, kapatuh, pan dadi awon	

## V. Ukara-ukara ing ngisor iki jangkebana nganggo tembung kang mathuk!

41. Gambang Suling (anggitane Ki Narto Sabdo), Yen Ing Tawang Ana Lintang (anggitane Andjar Any), Caping Gunung (anggitane Gesang,) Jenang Gula (anggitane Andjar Any), Jangkrik Genggong (anggitane Andjar Any), kalebu jinise tembang.....

Resi Suwandagni wis katon lenggah sila ing pendhapa cecawis ubarampene sesembahan, mapag sumoroting sang bagaskara ing bang wetan.

42. Tembung kang kagaris ngisor ing ukara kasebut, ngoko lugune yaiku.....lan.....

Gotri ala gotri nagasari – ri/ Riwul awal-awul jenang grendul –dul/ Dolan awan-awan ndelok manten – ten

43. Ing tembang Gotri kasebut, tinemu purwakanthi....

Perange Pandhawa lan Kurawa kuwi amarga padha rebutan drajad pangkat lan semat, kahanan kaya ngono kuwi ing jaman saiki akeh banget tuladhane.

44. Tembung saroja yaiku tembung loro utawa luwih sing tegese padha utawa meh padha dinggo bareng, kang bisa kita temokake ing ukara kasebut yaiku....

45. “Nganggo masker” Tulisen aksara jawa!